

Penilaian Harian Sesorah

Nama :

I. Wenehana tanda ping (X) ana aksara a, b, c, lan d ing ngarep jawaban kang trep!

1. Pidato uga diarani....
 - a. Sesorah
 - b. Geguritan
 - c. Parikan
 - d. Sajak
2. Micara gagasan utawa panemu sarana lisan ana ngarepe wong akeh kanthi ancas tinamtu, iku pengertian saka...
 - a. Geguritan
 - b. Sesorah
 - c. Sajak
 - d. Parikan
3. Tujuane sesorah yaiku *kejaba* ...
 - a. Atur Kawilujengan
 - b. Atur Pangajak
 - c. Atur kabar utawa pawarta
 - d. Atur Pambagya
4. Yen sesorah migunakake basa krama, sing diadhepi yaiku...
 - a. Wong kang sepantaran
 - b. Wong kang isih cilik
 - c. Wong kang uwih enom
 - d. Wong kang luwih tuwa
5. Keping swarane naika sesorah?
 - a. Swarane kudu banter
 - b. Swarane cukup, ceto
 - c. Swarane lirih wae
 - d. Swarane kudu cepet
6. Sikap kang kudu digantekake nalika sesorah yaiku...
 - a. Ubeg wae
 - b. Sirah e ndingkluk
 - c. Sirah e ndangak
 - d. Sikap e mantep lan tatag
7. Urutan e sesorah yaiku...
 - a. Isi – panutup – purwaka – salam pambuka – pengarep – arep
 - b. Panutup – salam pambuka – isi – pengarep – arep – purwaka
 - c. Salam pambuka – purwaka - isi, pengarep –arep – panutup
 - d. Salam pambuka – isi – panutup – pengarep – arep – purwaka
8. Gatekna petikan sesorah ana ing ngisor iki!
Assalamu'alaikum wr. wb
Inkang kinormatan Bapak Kepala Sekolah ugi Bapak - Ibu Guru inkang satuhu luhuring budi lan rencang - rencang kelas 6 inkang kula tresnani.
Bagian sesorah apa sing ana ing dhuwur?
 - a. Isi
 - c. Salam Panutup

- b. Purwaka
d. Salam Pambuka
9. Babagan kang disingkiri nalika sesorah yaiku...
a. Tangan methentheng
c. Polatan e ora mbesengut
b. Ora ndeleng cethetan
d. Ora gugup
10. "Puji syukur konjuk wonten ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Asih, awit ing wekdal menika kita sedaya taksih pinaringan rahmat saengga ing wekdal menika kita saged makempal kanthi pinaringan karaharjan." Petikan sesorah ing dhuwur mlebu urutan....
a. Isi
c. Salam Panutup
b. Purwaka
d. Salam Pambuka
11. Wacanen sesorah ana ing ngisor iki!
Assalamu'alaikum wr. wb
Ingkang kinurmatan Bapak Kepala Sekolah ugi Bapak - Ibu Guru ingkang satuhu luhuring budi lan rencang - rencang kelas 6 ingkang kula tresnani.
Monggo kito sedaya ngaturaken puji syukur dhumateng Gusti ingkang maha Agung ingkang sampun maringaken sedoyo nikmat lan kewarasan dateng kito sedoyo dumugi sakmeniko kito sedaya saged kempal wonten ing adicara perpisahan sak manika.
Kula, wakil saking rencang - rencang kelas 6 ngaturaken maturnuwun ingkang sak ageng-agengipun kagem Bapak / Ibu Guru ingkang sampun nggulawentah kulo lan sak konco-konco dateng pawiyatan menika ingkang dangunipun enem warsa.
Mboten keraos kulo lan rencang sebrayat sampun ngelampahi ngangsu kawruh wonten ing pawiyatan mriki. Wonten ing adicara menika, kulo kiyambak tuhu rencang - rencang nyuwun agenging pangapunten sangking Bapak / Ibu guru amargi wonten ing enem warsa ngangsu kawruh wonten pawiyatan mriki kulo lan sak rencang mebo menawi gadhah kalepatan ingkang dipun sengojo lan mboten disengojo. Mugi - mugi Bapak / Ibu guru kerso ngapuntenaken sedoyo kelepatan kulo lan rencang - rencang.
Satuhunipun kulo lan sak konco awrat sanget badhe nilaraken pawiyatan menika amargi sedoyo ingkang wonten dateng mriki sampun kados sederek lan kaluargo. Namung amargi kulo lan rencang - rencang kedah nglanjutaken ngangsu kawruh wonten ing pawiyatan ingkang luwih inggil, kulo lan rencang - rencang kedah saget dening ikhlas nilaraken pawiyatan menika. Kadosipun sampun cekap anggenipun kulo matur. Bilih menawi wonten kalepatan kulo nyuwun agenging pangapunten.
Wassalamu'alaikum wr. wb
Apa isi sesorah ana ing dhuwur?
a. Rapat bapak ibu guru
c. Rapat para murid kelas 6
b. Rapat wali murid
d. Perpisahan kelas 6
12. Sapa kang sesorah ana ing dhuwur
a. Wakil saka kelas 6
c. Wali murid
b. Adik kelas
d. Bapak / ibu guru
13. Wacanen pethikan sesorah ana ing ngisor iki!

Wasana cekap semanten atur kula, menawi kathah kalepatan atur saha solah bawa ingkang boten mranani penggalih, kula nyuwun pengampunten. Wassalamualaikum Wr. Wb.

Bagian sesorah apa sing ana ing dhuwur?

- | | |
|------------|------------------|
| a. Isi | c. Salam Panutup |
| b. Purwaka | d. Salam Pambuka |

14. Wacan kanggo soal nomor 14 – 15!

Wasana cekap semanten atur kula, mbok bilih wonten klanta – klentune atur ingkang kirang subasitalan krama kula nyuwun agunging samudra pangaksami, Adhedhasar teks sesorah ing nggil tembung 'agunging samudra pangaksami' ngemu teges...

- | | |
|---------------------|-----------------|
| a. Nyuwun pangapura | c. Nyuwun sare |
| b. Nyuwun samudra | d. Nyuwun banyu |

15. Adhedhasar teks sesorah ing nggiling tembung "wasana" ngemu tegese...

- | | |
|------------|-------------|
| a. Wiwitan | c. Tengahe |
| b. Akhire | d. Pinggire |